

Yon istwa damou

Mwen vle rakonte ou yon istwa. Yon istwa damou frè mwen. Gade...

Avan mwen te abite nan Afrik. Wi. Nan Afrik. Kan mwen te jèn. Pa trè jèn me plis jèn ke jodia.

Pou se plis presi oubyen egzak mwen te abite nan Kenya. Nan Afrik de Lès. Yon peyi plis devlope nan zòn kanmenm.

Kèlkeswa lentensyon mwen pou vwayaj la mwen toune fasine avek peyisaj la ak kilti la ak pèp la. Enkwayab Afrik!

Mwen te genyen volonte pou fè enpil bagay pou rejwi lavi. Sa kap fèt?

Frè mwen konpay mwen. Mwen pa vle sanble omn na move konpòtman. Ou konne mwen. Mwen pa omn despri. Mwen omn jwaye. Mwen omn ki rimme plezi na vi.

Konprann?

Oke. Byen. Mwen nap eksplike ou.

Mwen te tombe fou damou avek yon fanm. Bèl fanm. Nwa. Toupiti. Entelijan. Candid.

Zanmi mwen cheri...

Me koute ou silvouple!

Li te beni avek de fès etonan e yon pwatrin pou toune fou. E... Ase.

Me wi. Ou kapab pense mwen omn obsèn. Petèt. Mwen se komsa. Ou konne mwen.

“Bartolomè se yon omn enpe obsèn me pa move”. Ou pale komsa.

Byen. Mwen kontynie.

Yon piti madamn mwen sanble yon fanm na Afrik parfe. Li te genyen po komn chokola dous e sansib epi li ode komn flè e li te swa komn luile na kokoye. Yon gato delika e bongou. Yon asyèt na wa siman. Li te genye cheve ki briye mèvèy encò. Nwa komn chabon e koupe byen kout. Li te fè sonye na yon chou frèch oubyen yon chamo komik osinon yon swazo jele.

Mwen se mitan fou pafwa. Regrèt.

Alò. Mwen envi montre ou ki yo fanm la te legzamp pafè nan fanm Afrik. Legzamp pafè.

Men yo verite la te diferan. Trè diferan. Konpletman diferan. Istwa mwen se pa sitelman fasil kanmenm.

Byen. Piti menay mwen te...

Mwen nap pale dousman e legeman. Koute la.

Piti menay mwen te na Panama. Wi. Li te nwa men pa fèt nan Afrik. Li te fèt nan Panama.

Li rele Patricia. Wi. Li te pli bèl ki plizyè fanm nan Kenya. Mwen te kontan avek li na bra mwen. Vrèman kontan. Mwen te fou damou e osi fyè pou te kapab conkeri yon fanm otan plen de lagras. Mesye yo te jalou nan lavil.

Patricia e mwen te byen ere avek lavi pou de ane. Me... Me... Le diab te ositou jalou. Wi. Tout dwe fini.

Pou kisa? Mwen nap eksplike ou.

Li te dwe pati pou Panama. Mwen te rete na Kenya. Nou te separe. Mwen te unkapab pou li reteni. Lavi se pa tuyu jis konpay mwen. Lavi se yon magouy. Mwen te dechire. Tris. Trè tris. Malerezman.

Mwen pa genyen nouvèl pendan plizye ane. Inoubliyab mwen piti fanm te pèdi pou mwen. Pèdi pou touyou? Pèmèt mwen suiv. Yon bagay pou fini.

Mwen te dekouvri pa chans ke Patricia abite na Ayiti. Men wi. Na Ayiti. Pa blag. Pap ri ou frè mwen.

Mwen dwe pale dousman enco. Pou ki sa?

Koute. Mwen vle rakonte ou yon sekre. Mwen deside pati nan Ayiti pou jwenn li. Wi.

Pou rebran mwen fanm dantan. Pou rejwenn pase ere.

Anyen anplis. Mwen fini istwa mwen.

Mesi anpil pou pasyans nou...

Avril 2005